druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

# ГЪУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

№ 55 (10306 )
БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 15 август / Итни

## КIВАР БУГЕБ ДАНДЕЛЪИ

Гьал къоязда, ай 10 августалда нилъер районалда тIобитIана РДялъул БетIерасда цебе гIуцIцIараб гражданияб общество цебетIезабиялъулгун инсанасул ихтиярал цIуниялъул Советалъул данделъи. Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас, тIадехун рехсараб Советалъул председатель Зикрула Ильясовас, мадугьалихъ ругел Гумбет ва ЦIумада районазул нухмалъулезул заместителаз.

Тадбир рагьулаго Руслан ХIамзатовас абуна, адаб-хIурматалъе мустахIикъал, кIудияб хIалбихьиги жидер бугел гIадамаздаса гIуцIцIараб гьеб Советалъ инсанги гьесул ихтияралги цIуниялъе гьабулеб хIалтIи кIудияб кIвар бугеблъун ккола республикаялъеги гьелъул щивав гражданинасегиян. Киналго гьалбадерие баркалаги кьун, районалъул нухмалъулес рагIи кьуна Зикрула Ильясовасе.

Гьес бицана гражданияб общество цебетIеялъе Советалъ гьабулеб хIалтIулги, цере лъурал масъалабазулги.

Гьединго лъикIаб кьимат кьуна гьес жамгIияб цебетIеялъе нилъер районалда гьабулеб хIалтIуеги.



Районалда гражданияб жамгIият цебетIеялъулги, инсанасул ихтиярал цIуниялъулги рахъалъ гьабулеб хIалтIул бицун, гIатIидаб доклад гьабуна хIинкъигьечIолъиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель **ГIабдулдибир ГIабдулдибировас**. Жиндирго кIалъаялъулъ гьес хасаб кIвар буссинабуна кинабго хIалтIи районалъул идарабиги, жамагIаталги, имамзабиги, гIолилазул вакилзабиги гIахьаллъун гьабулеб букIиналде.

Жакъа Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операцияги, гьелда хурхун улкаялда бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, терроризмалде данде гьабулеб кьеркьеялъулги, гIун бачIунеб гIел патриотикияб тарбия кьун гIезабиялъулги хIалтIи районалда цIикIкIараб жавабчилъиялда гьабулеб бугиланги абуна гьес.

Халкъалъул рукIа-рахьин лъикIлъизабиялъе, магIишатияб рахъ цебетIезабиялъе районалъул нухмалъиялъ гьабулеб хIалтIулги бицана ГIабдулдибировас. Гьединго жиндирго кIалъаялъулъ гьес бицана бесдалал лъимал мина-карталдалъун хьезариялъул рахъалъ районалда гьабулеб хIалтIулги.

Гьеб суалалда хурхун республикаялда гьабулеб хIалтIул, бесдалазе мина-би кьеялъул бицана «Бесдалал гьечIеб Дагъистан» гIуцIцIиялъул нухмалъулей Раисат ГIусмановалъ.

Гьелдаса хадуб, жидерго идарабаз гьабулеб хIалтIулги, ругел гIунгутIабазулги бицун кIалъана районалъул жамгIияб палатаялъул нухмалъулев МухIамад Иманшапиев, «Балъхъал» жамгIияб гIуцIцIиялъул нухмалъулев МухIамаднур МухIамадов, «Инсан» фондалъул районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев МухIамадрасул МухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамаднаби ГIумаров.

Тадбиралъул ахиралда жамгIиял гIуцIцIалабазул нухмалъулезе кьуна грамотабиги.

Районалъул администрациялъе Зикрула Ильясовас сайгъат гьаруна жинцаго хъварал «300 машгъурав магIарулав» ва «Дагъистаналъул меседил цIваби» абурал тIахьал.

## ТIОЛГОРОССИЯЛЪУЛАБ ТУРНИР




Нилъер районалда гьал къоязда тIобитIана жуба-гъубараб рагъулаб кьеркьеялъул рахъалъ ТIолгороссиялъулаб турнир 1999 соналъул августалда районалда ккарал рагъулал лъугьа-бахъиназулъ жидерго хъизан-рукъги, районалъул халкъги-ракьги, Дагъистаналъул ва Россиялъул цолъиги цIунулаго шагьидлъарал киналго ракIалде щвезариялъул мурадалда тIобитIараб гьеб турниралъулъ гIахьаллъи гьабуна 50-ялдаса цIикIкIун спортсменас.

Турнир рагьана районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас. Киназего; спортсменазеги, болельщиказеги, турниралъул гIуцIцIалилаб хIалтIи гьабуразеги саламги кьун районалъул бетIерас абуна:



*-ТIоцебесеб иргаялда бокьун буго ракI-ракIалъ баркала кьезе спортсменазеги турнир гIуцIцIаразеги гьадинаб спорталъул байрам нижее сайгъат гьабуралъухъ.*

*Нилъеда киназдаго лъала, гьанжеялдаса 23 соналъ цебе, ахIиго базе ккечIого, цолъана нилъер районалъул гIадамал Халкъазда-гьоркьосел террористал районалъул ракьалдаса нахъе хъамизе. Бихьизабуна ВатIан бокьиги, гъункиги, ккараб кьо борхизе бугеб хIадурлъиги. Узухъда, кигIан нилъее бокьичIониги, хутIичIо камиял ккечIогоги. Ракълилаб гIумруги, халкъалъул хIинкъи гьечIолъиги, гьадинал тадбиразда нилъее данделъизе ресалги рукIинариялъе гIоло гIумру кьуна рагъухъабаз, правоохранительниял идарабазул хъулухъчагIаз, ополченцаз.*

*Жакъасеб тадбиралъул рахъалъ абуни, магIарулазе кидаго хасиятаблъун букIана бахIарчилъиги, къвакIиги, къохIехьейги. Гьединги батила, жуба-гъубараб рагъулаб кьеркьеялъул рахъалъ спортсменазул къадар сонидаса-сониде цIикIкIунеб бугеб. Цогиги, нилъер спортсменазе хасиятаблъунги лъикIаб рахълъунги ккола дандиясул адаб-хIурмат гьаби, бергьаниги кьаниги батIалъи гьечIого, рингалдаса къватIире гьел рачIуна кверагли рачун, вацал гIадин.*

*Биччанте нилъер гьаб жакъасеб турнирги цоцада гьоркьоб гьудуллъиги вацлъиги щула гьабиялъеги, цIи-цIиял гьудулзаби ратиялъеги сабаблъун лъугьине.*

Киназего икъбалги гьарун районалъул нухмалъулес турнир рагьараблъун рагIинабуна.

Гьелдаса хадув кIалъазе вахъарав турниралъул бетIерав судья, самбоялъул рахъалъ Россиялъул мустахIикъав тренер МухIамад МухIамадовасги гьарана киназего къецазулъ икъбалги, спортсменазе жагьаллъи ккечIого турнир рагIалде бахьиги.

Къецал байбихьилелде цере рингалде рахана «Болъихъ» хореографияб ансамблалъул артистал. Данделъаразе берцинаб кьурди бихьизабуна гьез.

Спортсменаз абуни, рикIкIен гIемерал болельщикал рохизаруна къуркьи-гьечIеб кьеркьеялдалъун. КIиго къоялъ халатрахъарал гьел къецазулъ спортсменаз бихьизабуна жидерго гьунарги, махщелги, бергьенлъиялде бугеб гьираги.

Лъугьана къецал. ДагIба-рагIи гьечIого, гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда рагIалде рахьана гьел.

ТIоцебесеб ва кIиабилеб бакIал ккурал спортсменазе кьуна грамотаби ва медалал, тIоцебесеб бакIал ккуразда рухьана бергьарасул рачелалги, ретIинаруна гIандадерил буртинабиги. Гьединго кьуна спортсменазе хасал сайгъаталги, шапакъаталги.

Турниралъул ахиралдаги Руслан ХIамзатовас цоги нухалъ баркала кьуна гьеб спорталъул байрам районалда тIобитIиялъе кумек-квербакъи гьабуразеги, гIуцIцIалилаб комитеталъеги, хасго, спортсменазеги.

**Гьумер хIадур гьабуна ХI.ХIасанхIажиевас**



АВГУСТ 1999 СОН

# БЕРГЬАНА ЦОЛЪИ





Щибаб соналъго гIадин доб 1999 соналъул августалъул тIоцересел къоязги районалъул гIадамал цоял хурзабахъгун ахакь, цогидал харибакIазда, лъабабилел магIишаталъул цоги-цогидалги ишазде машгъуллъун рукIана. Амма гьезул гьеб ракълилаб захIматалъул гIодобиччараб чвахи циндаго гьоркьоб къотIизабуна Халкъалда гьоркьосел террористазул гъужумалъ.

Радал сагIат ункъгоялда божуда рекIкIги гьабун, Басаевасулги Хаттабилги яргъид гIуцIарал гъачагъал жанире лъугьана АнсалтIа росулъе.

ТIоцебе гьезда бер чIвана гIачи речIчIизе, гьел рохьдолъе гьехе арал руччабазул къокъаялда. СагIат анкьго тIубалелде гьез тIубан кверщел гьабуна АнсалтIа, Шодрода, РахатIа ва кватIичIого ТIандо росабалъги.

Гьезул мурадги букIана Хаттаб гьавураб къо кIодо гьабун, гьесие Болъихъ район сайгъат гьабизе. Амма гьезул гьеб мурад хIорго хутIана.

Халкъалъ гъачагъазде дандечIей гьабуна. Бихьиназ битIахъего кодоб ярагъгун ахIичIев гьоболасде дандечIей гьабизе жидерго таваккал загьир гьабуна, руччаби лъималин абуни, «цIияб низам» къабул гьечIолъи бихьизабун, бугелъуб бугебги тун, росабалъа къватIире рахъана.

Гьезде тIаде бачIараб балагь- къварилъи жидеего гIахьал гьабун, бугелдаса бугеб кванaзе кьун, рега-рахъине санагIалъи гьабун, дандчIвай гьабуна Муни, Кьохъ, ГIортIоколо росабазул гIадамаз.

Къасиги къадги чIечIого къабул гьарулел рукIана гьез къварилъи ккарал росабалъан гIадамал. Гьеб ккола кIудияб гIаданлъиги , яхIнамусги, сахаватлъиги чорхолъ бессун букIин.

Районалде гъачагъал кIанцIун ругилан телевизоралдасан хабар рагIиндал, къватIир рукIарал районалъул гIолохъаби хехаб къагIидаялда, цIумал кинигин, щвана Болъихъе ва лъугьана ополченцазул кьеразулъе.

Гьез хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна росаби тушманасдасан эркен гьариялъулъ.

Гьодобери росу цIунун гьарулел рагъазулъ 13 августалъ чIвана вацал Лабазан ва МухIамадтIагьир Муъминовал, ХIусенов Муртуз.

МухIамадов ДибирхIажил нухмалъиялда гьоркь милициялъул хIалтIухъаби рехана Гьодобери магIарде.

Гьенисан гьезда бихьулеб букIана чачаназул ракь, ЦIумада ва Болъихъ район.

Гьенисан гьез кьолаан гъачагъал ругел бакIазул мухIканал баянал. Гьел рагъизе ккана «УАЗ» ва «Джип» машинабаздаги рекIун нилъер ракьалде рачIун рукIарал гъачагъазул разведкъукъагун.



Гьелъул хIасилалда тIагIинабуна «УАЗ» машина кинабго экипажгун цадахъ, цогидаб машинайин абуни, чачаналдехун хъамун ана.

Гьеб рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло милициялъул прапорщик ДибирхIажие кьуна «Россиялъул бахIарчи» абураб тIадегIанаб цIар.

«ХIарами» габурлъи цIунулаго ккарал рагъулал лъугьа-бахъиназулъ чIвана ГIандиса гIолохъанчи МуртазагIали Хъазаналипов. Рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гьевги мустахIикълъана улкаялъул тIадегIанаб цIаралъе.

Гьединго «Россиялъул бахIарчи» цIаралъе мустахIикълъана АнсалтIа росулъа НурахIмаев ХIажимурадги.

Нилъер районалде тIаде ккараб къо борхизе рачIана Дагъистаналъул киналниги районаздаса гIолохъаби.

Масала, Казбек районалдасан администрациялъул бетIер ГIазаев ГIамирил нухмалъиялда гьоркь Болъихъе бачIана лъикI яргъид гIуцIараб ополченцазул къокъа.

Кидаго кIочене бегьуларо рагъул аслияб къаби тIаде босарал МОялъул ва МВДялъул подразделениязул рагъухъабазул ва офицерзабазул бахIарчилъи.

Район эркен гьабулаго гIумру кьуна 104 аскарияс. Кинавниги гьеб рагъда шагьидлъана 122 гIолохъанчи. Амма гьел хванилан абуни , дида ракIалда ккола, нилъ мекъи ккелилан.

**БахIарчи холаро, гьев лъукъуларо,**
**Щивасул ракIазулъ чIаго вукIуна**
**Гьесул гьунаразе хвел букIунаро**
**Гьесул гIумруялда ахир лъоларо.**
**Гьесул рухI, баккулеб бакъул чIоразулъ,**
**Гьесул рухI, чвахулеб цIадул тIирабалъ,**
**Гьесул рухI, баккулеб тIогьол махIалъулъ**
**Гьесул рухI- ирсилазе тараб эркенлъиялъулъ.**

**П. Камилова**





Заира ИСМАГИЛОВА

# КИДАГО КIОЧЕНАРО

(СЦЕНКА)

*ГIайшат- лъабкъого сон барай херай гIадан*
*ГIусман-гьелъул вас 25 сон барав*
*СалихIат-гьелъул нус 23 сон барай*
*АхIмад-васасул вас 7 сон барав*
*ХIалимат- мадугьал*

Лъугьа-бахъин ккола Болъихъ I999 соналъ.

***Рукъалъул азбар-къоно. ретIел чурулей СалихIат. Векерун аскIове вачIуна АхIмад.***

Вас
Эбел, дой гIадан щий хабада цее
БухIараб магIу тIун гIодулей йигей?
Занал гIемер ругин, амма доб зонохъ
ЧIегIербарай гIадан щай кIусун йигей?

Эбел
ЧIегIер барай гIадан-дой йиго эбел,
Рагъул кьалда жиндир васал камурай
Дуеги диеги эркенлъи щунун,
Чорхол рухI кьуразул зонохъ кIусарай

Гьеб букIана, дир вас, ригьдал гIуж,
ГIадамал жегиги макьида ругеб
Росулъ хIалтIи гьечIеб гIолохъанаб гIел,
ГIарац гьабизеян къватIибе араб.

БачIун щвана тIаде бальгояб балагь,
Тушманасул хвалчен борхатгоги ккун.
ГIураб ракь щунизе шагьаралдасан,
Росулъе буссана гIолохъанаб гIел.

Гьезда гьорлъ вукIана долъул кIиго вас,
КIиябгоги зани дозулин бугеб.
Дозие нальулал руго нилъ жакъа,
ЧIаго гьаб ракьалда хьвадулелщинал.

**Вас.** Дир эменгийщ гьенив вукIарав?
Эбел. У, дир вас, гьев бахIарчиясул наслу ккола мун.
Вас. Йилъилъа, эбел, жакъа мун инсул хабаде, гьесул гIумруялъул дида бицине.
**Эбел.** Мун вукIана, дир вас, лъагIарав, доб чIегIераб къо нилъер росдаде бачIиндал.

*Гьел уна*

**Рагьула пардав**

***ХъахIлъи рехараб замана. АхIулеб буго рогьалил как. БоцIи гьезе цо-цоккун рахъунел руго росдал руччаби. ГIайшатин абуни жеги какикьжоялдаса тIаде яхъун йикIинчIо, циндаго «Вай Аллагь! Хъачагъал руго кIанцIун , хъачагъал»-ян ахIи балаго СалихIат жание кIанцIидал, тIадеги яхъун, гIодулей йигей нусалде, аскIое ана гьей.***
**ГIайшат**-Вай Аллагь! Дир яс, щиб дуе лъугьараб, щай мун гIодулей?
**СалихIат**-Щибха букIинеб боевикал руго кIанцIун, аза-азар чи, яргъид гIуцIарал.
**ГIайшат**-Щал гьарин гьел, щиб дуца бицунеб?
**СалихIат**-Щалха рукIинел нилъеца хьихьарал кумек гьабурал чачанал руго.
***Гьеб лахIзаталъ векерун тIаде вачIуна, какде ун вукIарав ГIусман.***
**ГIусман**-БакIаре нужерго ретIелги, хех гьабун росулъан кьватIире ине гIамал гьабе, машинаби ругин нужехъ ралагьун чIун. Дун цогидаздаги лъазе гьабизе ина, нужеца хьатамасан кьватIире рахьине гIамал гьабе.
**ГIайшат**-Кире рахьине гIамал гьабейилан дос абураб?
**СалихIат** (МагIил цIун бералгун)-Росу тезе
**ГIайшат**-Вай Аллагь! Гьанже гьеб балагьгийищха нилъеде тIаде бачIараб. Хераб дир къаркъала гьанже добе-гьанибе ине бажаруледухъ гьечIо. Аллагьас хьвараб бихьилин дун гьанийго чIела.
Лъимадул ретIелги бакIарулаго **СалихIат**-Гьедин бегьилищха,эбел!
**ГIайшат**-Бегьила. Дун гьанисан кьуризе гьечIо.
Жаниве вачIуна ГIусман
**ГIусман** –нуж жеги хIдуричIого кин ругел, бащадаб росу ун лъугIун бугин, щиб гьабулел нуж ругел?
**ГIайшат**- дун, дир вас, киего ячIуней гьечIо.
**ГIусман**-Вай. Гьал херал руччаби, цоялдасан бергьун цоялъ гIамал бихьизабулел. Кин дуда бичIчIунареб, жакъа гьадин буго-ниги метер гьаниб рагъ букIине буго.
**ГIайшат**-Рагьго лъаларей гIадан гьаюнаха дуца дун. Доб КIудияб ВатIанияб рагъда росги, вацги, эменги хварай гIадан йиго дун.
**ГIусман**- Дуда рагъ лъаларилан гьечIо, хирияй эбел, дун. Бугониги..
**ГIайшат** (кьварун) -Тана хабар, дун гьанисан кьуризе гьечIо.
**ГIусман**- Кьуризени кьурулейин мун, кьуризайизе кIолев чи вугониги.
Кодой эбелги ккун ГIусман уна, хаду-хадуй лъимерги бачун СалихIатги уна.

**Пардав кьала**

***Цо рокъоре жанире руссун 4-5 чIужугIадан. Гьел рукIуна чIумал сверулел. Жание ячIуна кодоб лъимерги ккун СалихIат.***
**ГIайшат**-Щиб, СалихIат, росулъан цIияб хабарго гьечIебищ?
**СалихIат**-Вай лъаларо, гьаб анкьида жаниб чанго гIолохъанчи чIван вуго, цо гIаданалъул абуни кIиго вас цадахъ. Гьаб дир ракI бежулеб буго гьезда хадуб.
**ГIайшат**- Мунагьал чурайги гьезул. РачIа цо гьездасанги нилъерго лъималаздасанги мавлид ахIизе.
***Руччаби мавлид ахIизе журала. Кьижун ккараб лъимерги бусада лъун лъимадул ретIел чуризе СалихIат кьватIие уна. Гьоркьоб заманго инчIого рахъуна гьаркьал. Жание ячIуна кIиго-лъабго гIаданалъги ккун СалихIат.***
**СалихIат**-Вай, эбел! ГIусман *(лъавудаса уна)*.
**ГIайшат**-Щиб лъугьараб?
Ясал гIодореги къулун бицине кIоларого гIодулел рукIуна.
**ГIайшат**-Бице дир ГIусманги къадаралдейищ щварав! Бице, щай нуж, руцIцIун чIолел?
**ХIалимат**-Сабру гьабе ГIайшат.
**ГIайшат**-Сабру, сабру кидаллъагIан гьабилеб гьеб сабру. **(МагIил цIурал бералги рацIцIулаго).** Щибха гьабилеб гьадинаб букIун буго дир къисмат *(лъавуде ячIарай нусалде аскIоеги ун)* Сабру гьабе дир яс, сабру гьабе инсулго гIадаб къокъаб, рагъда холеб букIун бугин гьесулги къисмат.
***Руччаби зикру бачине журала.***

*Пардав*

***Лъимералъе гIадлу гьабулей йикIуна СалихIат, жание лъугьун ячIуна ХIалимат***
**ХIалимат**-Руччаби, рагIанищ цIияб хабар? Боевикалги нахъе ун ругила, минабаздасан росуги бацIцIад гьабун бугила. Машинабиги руго нилъ рачине рачIун. Рилълъа кинално.
**ГIайшат**-Вай, Аллагьасе рецц. СалихIат, дир яс, рилълъа росулъе ГIусманида тIасан мавлидги гьабила, (тIадеги яхъунаго) рилълъа руччаби.
***Киналго кьватIире уна.***
***СалихIат (кодоб лъимерги ккун магIил бералги цIун)*** – Доб къоялъ хъачагъаздасан цIунун росулъан кьватIире рачахъана дуца ниж нух битIайгийилан жакъаги бокьилаан мун дие хадув вачIине.Гьаб кIиго анкьил рагъ. Дир талихIалда берккун-дай дихьан мун вахьизе, дир гIолохъанаб гIумру чIван лъунин гьелъ. (Гьел рагIабиги абун СалихIат уна)
**Уна 6 сон**

***ЛЪАБАБИЛЕБ ПАРДАВ***

***Рагъда гIодойги кIусун ГIайшат. ТIаде рачIуна СалихIатги АхIмадги***
**ГIайшат**-Вай! Кире нуж ун рукIарал чурулелъуб ретIелги тун?
**АхIмад**-КIубаба ниж ун рукIана инсул хабаде.
**ГIайшат**-Вай! Мун жеги гьитIинав гьечIищ хабаде ине?
**АхIмад**-ГьечIо. Дида гьанже кинабго лъала. Эбелалъ дида кинабго бицана.
Шамил Басаевасул хъачагъазе бокьун букIун буго тIолабго Россия кверде босизе, амма нилъер районалъул халкъ данде бахъана ва нилъер гIорхъодаса цере ине гьезда бажаричIо. Нилъер районалда вуго россиялъул 3 бахIарчи, нус-нус гIолохъаби мустахIикълъана ватIаналъул шапакъатазе. Гьанже дун киве щваниги, дица чIухIун абила, дун Болъихъ районалъул вас вугилан.
**ГIайшат**- Дир вас, киназдаго лъалеб батичIони гьаб район.
**АхIмад**-Дица лъазабила. Дица гьезда абила.

***Тушманасул гуллий керенги рагьун. РухI кьурал васазул тIалъи буго гьеб. ТIолабго халкъалъул эркенлъи цIунун, БахIарзал рахъараб район буго гьеб.***
**ГIайшат**-Гьеб кинабго эбелалъищха дуда мальараб?
**АхIмад**-У. КIубаба, амма инсул хабада вугеб мехалъ дун лъикI валагьун вукIана гьесул зоно-да бугеб сураталъухъ ва гьелъ дида гьадинал рагIаби абуна (вуцIцIухIун чIола)
**ГIайшат**-Кинал рагIаби? Щай вуцIцIухIун чIарав?
**АхIмад**-Мун божуларищ дида эмен кIалъанилан. Божулей ятичIони бицине гьечIо.
**ГIайшат**- Божула дир вас, божула бице.
**АхIмад**-Дида инсуца абуна *(борхун бетIерги ккун)* АхIмад, дир вас,кинав тушман вачIаниги борхун кквe хвалчен, хвалдасан хIинкъуге, къвакIарав, лебалав, бахIарчияв вукIаян. Дунги гурищ кIубаба гьеле гьединав вукIине вуго.



**ГIайшат**-ВукIина эбелалъул мунги эменго гIадав.
**АхIмад**- эбел,кье цо доб инсул хвалчен дихье
СалихIат –Дуе хвалчен щибизе?
АхIмад-Кье,эбел, цо минуталъ.
ГIайшатица СалихIатиде ишан гьабуна гьелъ рокъоб жанисан босун хвалчен бачIуна.
АхIмадица эбелалъухъан хвалчен босула ва борхун гьебги ккун абула.
АхIмад-Дида кидаго кIочене гьечIо эркенаб гIумруялъе гIоло чорхол рухI кьурал гIолохъаби ва дицаги гьезго гIадин абила.
Бокьарас бокьухъе бикъе дуниял, дие Дагъистан те, дун мугIрузда те.

ГЪУДУЛЛЪИ
Газета гIуцIарал:
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация
Учредители:
Администрация МР «Ботлихский район»
Директорасул ишал тIуралев
А. Агъларов
Мухбирзаби:
ГI. МухIамадова
П. Дибирова
П. Камилова
М. МухIамадова
ХI. ХIасанхIажиев
Фотокорреспондентал:
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев
Корректор
П.МухIамадова
Наборщица
П. Эльдарова
Дизайнер
С. Камилова

Индекс: 368970
Адрес:
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103
Телефон:
Директорасул
8928 680 50 42
Эл. адрес druzhba555@mail.ru

Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, къабуна ООО «Лотос» типографиялда.
Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61
Тираж -800 Индекс-51349
Заказ № _____

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
от 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

# КIиго ахIмакъ

БукIун бугила цо рохьоб цIакъ чIухIараб, жиндасаго разияб ци. КинабгIаги гIалхул хIайван дандчIвараб мехалъ циялъ кидаго абулеб букIанила: «Дун буго гьаб дуниялалда бищунго кутакаб, бищунго берцинаб, бищунго лъикIаб, бищунго гIакъилаб ва бищунго къиматаб хIайван. Дир нухда цебе чIезе ккани, щиб жо кколеб мун? ТIагIа цебеса, дица мунго чIвачIого!»–ян.

Узухъда, ццидахараб цидукьа хIинкъулел рукIун руго киналго хIайваналги.

Цо нухалъ, ци жиб хан бугин абун чIчIараб рохьоб, боржун бачIун, рештIун буго циялдаса жиндасаго жибго чIухIараб тIавус. Гьедин баккун буго рохьоб кIиабилеб чIухIухъан.

Авалалдаго тIавусил хIулидул берцинлъиялъ асир гьарурал гIалхул хIайваназе гьелдаса батIияб, берцинаб жого бихьулеб букIун гьечIо.

Гьедин букIана дагьаб заманаялъ. Жиндасаго рохьил жанаваразул бугеб хIайранлъиги бихьун, чIухIараб тIавусалъ тIалаб гьабизе лъугьана гьездаса жиндие хъулухъ гьаби.

ГIункIкI тIамунила кванил рахъалъ жавабияблъун, гьелъ бакIарулеб букIанила ролъ, цIоросоролъ, мугь ва цогидабги тIавусалъ кваналеб нигIмат. Бадибе рец-бакъ гьабулеб цер тIамунила гьогьоми гьабиялъе рачI хьвагIдезе. НакIкIукьераб бацI лъунила хъаравуллъун, хIама–гIакълучилъун. Амма гьез



гьабулеб хъулухъалдаса тIавус кидаго рази гьечIого букIунеб букIанила. Я ролъ гьуинаб гьечIо, я гьогьоми гIураб гьечIо, я хъаравулас тIутIал нахъе хъамулелъул тIавус макьидаса борчIизабулеб буго гьеб гуребги, бадибчIваялъе гIемерал гIунгутIаби ратулел рукIун руго гIамалкIодо тIавусида.

Гьедин анила заман, ва гIалхул хIайваназда чIалгIанила баркалаго гьечIеб хъулухъалда тIавусалъухъ рукIине. Къойидаса къойиде цIикIкIунеб букIанила гьазул зигарди.

-Гьаб тIавус бугеб цо мекъаб жо,–ян абунила бацIалъ.

—Унгоха, дир берцинаб, тамахаб рачI гIемер гьелъ цIацIан куцхун буго,–йилан зигарданила рачIалда ракIбухIараб цер.

-Нуж гьеб бицунел руго!,–ян цIицIиданила гIункIкI,— Дир буго хъизан-лъимал, дица гьезиеги гьабизе ккола хасалие нахърател. Гьаб гIорцIиго лъалареб ТIавус сабаблъун ниж ракъун хутIизе руго. ТIадежоялъе, разилъунгутIиги бихьизабулеб буго.

Гьал гъаримазул зигарди рагIанила гьотIода кIусун букIараб кетурузалда. Боржун аскIобеги бачIун гьелъ абунила:

-Залимаб ци ханлъун хIехьезе кIвечIолъиялъ, гьелдасаги залимаб тIавус ханлъун щвана нужее.

-Цоцада релълъарал руго гьел, цоялъ хIинкъаби кьола, цогидалъ – гIантал хъулухъал тIад къала,-ян абунила гIункIкIалъ.

—КIудада Руз, мун буго гьаб рохьоб гIакълу кIудияб, хIалбихьи бугеб, бице нижеда кин ниж гьазукьа хвасарлъизе бегьулел,–абун хIелхIеданила цер.

-Дие дур хIелхIеди къваригIун гьечIо, лъаларого батила дида дур сихIирлъи. Амма дица гьабила нужее кумек.

Хадусеб къоялъ кеторузалъ цо гарцI битIанила тIавусалъухъ, цогидаб–циялъухъ.

-Мунги батилаха, тIавус, ханлъун чIун, дудасаги берцинаб, гIакъилаб ва кутакаб ци ханлъун бугеб мехалъ,–ян абунила цояб гарцIалъ тIавусида. Гьебго жо, амма гIаксалда абунила кIиабилеб гарцIалъ цидаги. ТIадеги жубанила, жиндиего хъулухъ гьабизе мун тIамизеги ракIалда бугин гьелда,-ян.

Ццин бахъанила цидул, гIергIеданила гьаб «Дун гурищ! Дица гурищ!»- абун буханила жиндирго керен. «ЛъикIаб» хабарги босун бачIараб гарцI, гьелъ мерхьине гурилан, тIерхьун анила харилъе.

Гьедин ццидаца гьалаг гьабураб циги, ци жинца ханлъун теларилан чIараб тIавусги рохьил цо майданалда данделъанила.

-Гьа! Мунищ доб тIавус, дир рохьоб ханлъи гьабизе лъугьараб?!

-Мунищ доб ци, лъидасаго кутакаблъун чIараб?!

Гьедин, цоцада кIалалги гьикъулаго, анила кIиго «хан» цоцалъе.

Лъугьанила рагъизе: циялъ тIавус ккун, гьелъул берцинаб хIули бетIун банила, бахъараб ццуналъ тIавусалъ жиндирго гозоялъ рахъанила цидул берал. Лъугьанила гьал кIиялго гIодизе.

Боржун бачIун, гIемер рикIкIад гьечIого цо гьотIол гIаркьелалдаги рештIун, кеторузалъ абунила:

-АхIмакъал! Бищунго хIалкIолевги лъаларел, гIакъилавги лъаларел, берцинабги лъаларел, къиматабги лъаларел.

Огь, кIиго ахIмакъ!- иланги абун боржун анила гьеб.

Лъимал, нужеда лъалищ щив кколев бищунго хIалкIолев гIакъилав; берцинаб щиб, къиматаб щиб?

Бокьилаан нужерго пикру нужеца **8988 272 24 86** номералдаги кIалъан загьир гьабизе.

**М. МухIамадова.**

# РагIикъотI



**Г1ебеде:**

**1. Абиялъулъ ва хъваялъулъ цогоял, амма маг1на бат1иял раг1аби**

**3.Пача бат1ияб х1алал**

**4. Г1урус мац1алда «сирота», маг1арул мац1алда...**

**6.Чанаве вахъарав чи**

**9.Гьаб дуниялалдаго бищун к1удияб салул авлахъ**

**10.Салул авлахъалъул «машина»**

**Г1одобе:**

**5.Хъваялъулъ жал бат1иял маг1на г1агарал раг1аби ккола**

**10. Инсул вацасул вас дуе**

**Хириял лъимал!**

**Бит1ун цIезабураб крассворд редакциялде тIоцебе битIарав лъабгоясе букIине буго шапакъат.**

**8988 272 24 86**

# Нелегальный мигрант

ОМВД России по Ботлихскому району сообщает, что в целях стабилизации миграционной ситуации, повышения эффективности борьбы с нелегальной миграцией, оздоровления криминогенной ситуации на территории района, в период с 17 по 26 августа проводится целевое оперативно-профилактическое мероприятие «Нелегальный мигрант» (3-й этап), направленное на выявление и пресечение нарушений миграционного законодательства Российской Федерации.

В ходе проведения мероприятия особое внимание будет уделено на осуществление проверок объектов жилого сектора, гостиниц, рынков и торговых центров, находящихся на территории района. В случаи получения информации о способах и каналах передвижения незаконных мигрантов, просим жителей района сообщить в дежурную часть ОМВД России по Ботлихскому району.

**Тел. 88727122032**

**Начальник МП ОМВД России по Ботлихскому району Ш.Г. Гайдарбеков.**